# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ युवा लोगिन के ससक्त करे बदे चलावल जा रहल मुख्यमंत्री युवा उद्यमी विकास अभियान के तहत आजु झांसी में झांसी अउर चित्रकूट मंडल के संयुक्त क्रेडिट बैंक के सुभारंभ कइलें। ऐह दौरान उहां के युवा उ़द्यमी विकास योजना के एक हजार सत्तर लाभार्थियन के करजा भी बटलें। ऐह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि आजु नया भारत के नया उत्तर प्रदेस आपन पुरहर ताकत के साथे आगे बढ़ि रहल ह। मुख्यमंत्री युवा उद्यमी अभियान के उपयोगिता के जनकारी देत मुख्यमंत्री कहलें कि ई अभियान के उद्देश्य युवा लोगिन के उद्यमिता से जोड़ी के आत्म निरभर बनावल ह। झांसी में मुख्यमंत्री स्मार्ट सिटी हॉस्पिटल, पैथालॉजी सेंटर अउर चार स्पोक क्लेक्सन सेंटर के उद्घाटन भी कइलें। ऐह मौका पर प्रदेस सरकार के मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह, विधान परिसद सभापति कुंवर मानवेन्द्र सिंह अउर झांसी क सांसद अनुराग शर्मा मौजूद रहलें।

**********

केन्द्र सरकार अगिला तीनि साल में देस के हर जिलन में डे केयर कैंसर सेंटर खोली। आजु राज्यसभा में एगो सवाल के जवाबि देत केन्द्र स्वास्थ्य मंत्री जेपी नड्डा कहलन कि दुइ हजार पचीस–छब्बीस ले दो सौ डे केयर कैंसर सेंटर खोलल जाई। हाले में आइल एगो रिपोर्ट क हवाला देत श्री नड्डा कहलन कि आयुष्मान भारत–पीएम जन आरोग्य योजना के क्रियान्वयन बदे कैंसर रोगियन के स्क्रीनिंग के तीस दिन्न के भित्तर इलाज सुरू हो जाला। उहां के कहलन कि सरकार राष्ट्रीय स्वास्थ्य मिसन के तहत सस्ता अउर गुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सेवा देवे खातिर कार करि रहल ह।

***इस नेशनल हेल्थ मिशन के तहत हेल्थ को हम अफोर्डेबल, एक्सेसेबल और उसके साथ–साथ इक्विटेबल बनाने के लिए हम क्वालिटी हेल्थ केयर देने का प्रयास एन एच एम के माध्यम से कर रहे हैं और उसमें हम बहुत तरीके के सपोर्ट कर रहे हैं। टेक्निकल सपोर्ट भी कर रहे हैं, मैनपावर सपोर्ट भी कर रहे हैं, फाइनेंशियल सपोर्ट भी कर रहे हैं।***

**********

प्रदेस के कारागार मंत्री दारा सिंह चौहान आजु लखनऊ के डाक्टर सम्पूर्णानन्द कारागार प्रसिक्षण संस्था में आयोजित भइल दीक्षांत समारोह में हिस्सा लिहलें। ऐह मौका पर प्रसिक्षु डिप्टी जेलर अउर प्रसिक्षु तेजल वार्डर के पासआउट अभ्यर्थियन के संबोधित करत भइल कहलें कि वर्तमान सरकार के कार्यकाल में कारागारन के स्थिति काफी बेहतर भइल ह। कारागारन में सुविधा बढ़ल ह। ऐह दिक्षांत समारोह में प्रदेस के चालीस डिप्टी जेलरन अउर बहत्तर जेल वार्डरन के प्रसिक्षण प्रमाण पत्र दिहल गइल।

**********

मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा प्रदेस के सज्जों जिला निर्वाचन अधिकरियन के वोटर लिस्ट के लगतारे पुनरीक्षण क निरदेस दिहलें ह। उहां के मान्यता प्राप्त राष्ट्रीय अउर राज्यीय राजनैतिक दलन के साथे बइठकी करे के निरदेस भी दिहलें ह। मुख्य निर्वाचन अधिकारी बतउलें कि विधानसभा इस्तर पर बइठकी पनरह मार्च से पहिले होखी। जिला इस्तर पर सतरह मार्च से इक्कीस मार्च के बिच्चे अउर राज्य इस्तर पर अट्ठारह मार्च के आयोजित होखी।

**********

लखनऊ समेत प्रदेस के कइगो जिलन में बहुत जल्द जमीनन के सर्किल रेट के पुनरीक्षण करावल जाइ। मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह पुनरीक्षण के कार्यवाही के तेज कइला के निरदेस दिहले ह। प्रदेस में एक जनौरी दुइ हजार चउबीस से लेके अबहिन तक सैंतीस जिलन में जमीन के सर्किल रेट के पुनरीक्षण क परक्रिया सम्मपंन कइल जा चुकल ह। जउने जिला में पिछला कई बरिस से पुनरीक्षण परक्रिया पूरा नाही भइल ह ओहमे लखनऊ, वाराणसी, गोरखपुर, मेरठ, अयोध्या, प्रयागराज, अम्बेडकर नगर सामिल ह।

**********

बनारस में आजु मसान के होरी के साथे होलीकोत्सव के आयोजन सुरू भइल। मणिकर्णिका घाटे पर ई होरी खातिर भव्य आयोजन कइल गइल। जेहमें जमकर भसम क होरी खेलल गइल। प्रस्तुत बा हमरे प्रतिनिधि क एगो रिपोर्ट–

***दोपहर करीब 12 बजे मसाननाथ की आरती होने के बाद भस्म होली शुरू हुई। मां काली का रौद्र रूप, हर तरफ उड़ती चिता की राख ... गले में नरमुंड माला, मुंह से उगलते आग के गोले और शिव तांडव। यह सब आज काशी के मणिकर्णिका घाट पर नजर आया। इसको देखने के लिए 20 देशों आए हुए आगंतुकों के साथ नागा साधु भी इसमें शामिल रहे। ऐसा पहली बार हुआ कि महिलाएं इस होली में शामिल नहीं हो पाई। क्योंकि उन्हें इजाजत नहीं दी गई थी।***

बनारस के मसान के होरी के चिता भस्म होरी कहल जाला। ई एगो अनोखी अउर पुरान परंपरा ह। ई परंपरा कई बरिस से चलल आ रहल ह। ई होरी भगवान सिव के समरपित ह।

**********

केन्द्रीय रेसम बोर्ड कपड़ा मंत्रालय के ओरि से आजु वाराणसी के लोहता में एगो जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। ऐह कार्यक्रम में बुनाई क्षेत्र में नया तकनीक अउर परिक्षण सुवधिा से जुड़ल जनकारी दिहल गइल। कार्यक्रम के उद्देश्य कौसल विकास, उत्पादन में बढ़ोत्तरी अउर टिकाउ रेसम उत्पादन क जनकारी देवे क रहल।

**********